

**CENTRE DE DOCUMENTATION ET DE FORMATION CONTINUE EN DEVELOPPEMENT**

**INFODEV**

**Angle Route de DelMas et DelMas 27, Etage Ancien Local Dubois Shopping Center  
(Façade DelMas 27), à côté Fine Studio de beauté**

**Tél : 3864-5592 et 3377-8848**

**Email : [infodevv@yahoo.fr](mailto:infodevv@yahoo.fr)**

**EVALYASYON PWOJÈ IJANS DEPATMAN SID**

**FINANSE PA FON LANBI POU AYITI**

**JEN 2013**

## **TAB MATYÈ**

**Entwodiksyon**

**Kontèks**

**Objektif Evalyasyon an**

**Metodoloji Evalyasyon an**

**Rezulta evalyasyon an :**

**Chapit 1: Pèfòmans Pwojè a**

**Chapit 2: Analiz Estrateji pwojè a**

**Chapit 3 : Analiz Objektif pwojè a**

**Chapit 4 : Pwoblèm Rankontre**

**Chapit 5: Pwen fò pwojè ak Pwen fèb pwojè a**

**Chapit 6: Rezulta pwojè a**

**Konklizyon/Rekòmandasyon**

**Anèks**

- **Temwayaj òganizasyon yo**
- **Apèsi sou Etap entèvansyon yo nan yon pwogram ijans**

## **ENTWODIKSYON**

Dokiman sa se rapò evalyasyon “Pwojè Ijans Depatman Sid” Fon Lanbi te finanse pou 13 Organizasyon nan 6 komin depatman sid la. Men non òganizasyon yo : ODRO, KPM. OFJ, TKL Romero, TK Bedo, GWOFAMIL, AFGDL, OPBK, OBS, ADZK, MFM, MPL, UPLADEP. Pwojè a te egzekite nan komin Chantal, Okay, Tòbèk, Sen Jan di Sid, Kavayon e Manich. Se yon pwojè ki te fèt pou remanbre pwojè regilye òganizasyon yo tap egzekite ki te resevwa gwo pataswèl nan pasaj siklòn Sandy nan mwa Oktòb 2012 la. Pou sa te rive fèt, pwojè te ede fanmiy ki te viktim yo rekapitalize, paske tout jaden yo te kraze, anpil bêt yo te mouri.

Rapò evalyasyon sa pral pèmèt Fon Lanbi, Patnè ki finanse pwojè a e tout òganizasyon yo wè si pwojè atenn rezulta yo te swete a. Lap pèmèt yo tou jwenn kèk rekòmandasyon ki kapab gide yo nan lòt pwojè ijans.

## **KONTÈKS EVALYASYON AN**

Pasaj tanpèt Sandy sou Peyi Dayiti nan debi Oktòb 2012 te fè anpil dega nan peyi a anpatikilye nan Depatman Sid la. Anpil jaden kraze, dlo pote ale anpil bêt ti Peyizan yo, anpil kay andomaje. Dapre chif ofisyèl ki te soti bò kote Gouvènman an dega yo monte plis pase 254 milyon dola US ki reprezante 25% PIB peyi a. Gouvènman an te deklare peyi a nan eta dijans epi li te kòmanse ap chachak kòb pou ede repare dega sa yo.

Nan lespri pou I rete fidèl e “Plan Estratejik 2013-2017” li a, Fon Lanbi pat rete bra kwaze nan sikonstans sa. Li te reyini e òganizasyon Depatman Sid la pou fè evalyasyon dega yo sitou nan domèn agrikòl la. Se konsa yo te antann yo sou yon pwojè ijans pou 13 òganizasyon nan 6 komin tankou Okay, Kavayon, Manich, Sen Jan Di Sid, Tòbèk e Chantal.

Fon Lanbi pase anviwon 2 mwa ap fè planifikasyon pwojè sa nan 2 nivo. Dabò Monitè Sid la kenbe bon konte e 13 òganizasyon yo pou kontinye chèche enfòMasyon sou teren an, epi mobilize manm viktim yo pou yo pa dekoraje. Answit, Responsab Fon Lanbi Pòtoprens yo mete tèt ansanm avèk Biwo Etazini an pou idantifye epi negosye e kèk patnè pou finansman pwojè a.

Se yon estrateji òganizasyon yo apresye anpil, paske yo pa t jwenn okenn koutmen ni atansyon bò kote biwo leta yo. Enplikasyon yo nan chèchak enfòMasyon, nan defini metodoloji pou pwojè a, te pèmèt yo konprann sa ki fè diferans ant Lanbi e lòt enstitisyon devlòpman yo. Apwòch Lanbi se « Bottom-Up » sa vle di « Anba-anwo ». Konfyans manm òganizasyon yo genyen nan Lanbi te pèmèt yo tann jiskaske Lanbi te jwenn yon finansman nan debi mwa Desanm 2012 pou pwojè a.

Pwojè a te planifiye pou 4 mwa. Lansman ofisyèl pwojè a te fet nan fen mwa Desanm 2012. Plantè tè wouze yo resevwa kòb soti fen Desanm 2012 jiska mijanye 2013. Yo kòmanse travay ak achte pwodwi ak sakle jaden nan debi Janvye 2013. Plantè tè sèk yo te kòmanse laboure tè pandan yo ap tann lapli. Lapli pa t vini. Plantasyon kòmanse nan fen mwa Mas ak debi mwa Avril 2013.

Objektif Jeneral « Pwojè Ijans nan Sid la » se pèmèt 13 òganizasyon yo remanbre pwojè ki te pran frap pandan pasaj sikòn nan. Objektif espesifik pwojè a se pèmèt manm òganizasyon yo refè jaden yo byen vit, pou yo pa tonbe nan sitiasyon grangou nan 2-3 mwa, answit rantre yon ti lajan pou ede yo fè fas ak bezwen fanmi yo, epi tou reponn ak angajman yo te genyen nan pwojè respektif Lanbi te finanse pou yo.

Fon Lanbi mande INFODEV pou fè yon evalyasyon patisipatif pwojè a soti nan dat 13 Jen rive 30 Jen 2013.

## **OBJEKTIF EVALYASYON AN**

Evalyasyon an dwe pèmèt Fon Lanbi ak òganizasyon yo jwenn repons a kèk kesyon enpòtan nou pral site la a:

1. Eske objektif pwogram nan ki se:"Rekapitalize manm Organizasyon Benefisyè yo epi kore pwojè Lanbi finanse ki te pran bon jan pataswèl apre pasaj tanpèt Sandy te rive atenn?
2. Eske estrateji pwojè a te respekte ?
3. Rezulta pwogram nan bay parapò ak sa ki te prevwa nan estrateji pwojè a epi tou parapò ak atant benefisyè yo ?
4. Difikilte Organizasyon yo rankontre pandan yo ap ekzekite pwogram nan?.
5. Sistèm swivi ki te prevwa a èske li te respekte?
6. Enpak pwogram nan ?
7. Sijesyon ak rekòmandasyon sou jan pwogram nan te kondwi (konsepsyon, ekzekisyon, swivi, evalyasyon) .Pwen fò, Pwen fèb
8. Pran temwayaj enpòtan kèk Organizasyon benefisyè

## **METODOLOJI EVALYASYON AN**

Evalyasyon an fèt avèk yon metodoloji patisipatif. Responsab Fon Lanbi Pòtoprens yo, Monitè Rejyonal Sid la, reprezantan tout 13 òganizasyon yo patisipe nan evalyasyon an. Men ki etap evalyatè yo swiv:

- Rankont ak Biwo Pòtoprens la pou klarifye atant ekip la
- Etid tout dokiman ki konsène pwojè a : tèks pwojè, rapò
- Preparasyon yon tablo pèfòmans pwovizwa pou pwojè a. Tablo sa te rive fèt avèk enfòmasyon ki soti nan rapò òganizasyon yo epi nan rapò avansman Fon Lanbi te prepare.
- Preparasyon yon lo zouti pou òganize entèvyou ak yon atelye patisipatif nan vil Okay avèk reprezantan òganizasyon yo : Gid entèvyou Monitè rejyonal la, Gid entèvyou avèk responsab Fon Lanbi Pòtoprens yo, Gid pou 6 ti atelye avèk reprezantan òganizasyon ki soti nan 6 komin yo
- Organizasyon yon entèvyou avèk Monitè rejyonal sid la
- Organizasyon yon atelye evalyasyon pandan yon jounen Okay. Atelye a te kòmanse avèk validasyon tablo pèfòmans pwojè a, kote tout reprezantan yo te rive konplete enfòMasyon yo pou pwojè a nan chak òganizasyon. Atelye a te kontinye avèk 6 ti atelye nan 6 ti gwoup. Chak ti atelye yo te reyini òganizasyon ki soti nan chak komin yo. Yo te reflechi sou tout aspè pwojè a depi nan planifikasyon rive nan swivi. Atelye a te fini avèk restitisyon travay ki te fèt nan ti atelye yo.
- Ekip evalyatè yo te fè depouyman respons ki soti nan gid ti atelye yo
- Ekip la prepare yon premye rapò pwovizwa
- Ekip la òganize yon seyans restitisyon pou Responsab Fon Lanbi yo nan Pòtoprens
- Li prezante rapò pwovizwa sa bay responsab Fon Lanbi Pòtoprens yo nan seyans restitisyon an pou diskisyon.
- Ekip evalyatè yo konsidere sa ki soti nan diskisyon avèk Fon Lanbi sou rapò a.

## CHAPIT 1: PÈFÒMANS PWOJÈ A

Tout aktivite ki te prevwa nan Pwojè Ijans Depatman Sid la te reyalize kòmsadwa nan peryòd Desanm 2012-Avril 2013. 13 òganizasyon resevwa yon asistans finansyè ki monte 2,265,250.00 goud. Asistans sa pèmèt 648 manm remete jaden yo kanpe 3 mwa apre pasaj siklòn Sandy nan zòn tè wouze yo epi 5-6 mwa nan tè sèch yo. Nan 648 manm sa yo genyen 279 gason ak 369 fanm. Yo refè 648 jaden endividylè ki totalize yon sipèfisi 224 kawo tè edmi. Asistans la pèmèt òganizasyon yo remanbre tout pwojè ki te pran pataswèl pandan pasaj siklòn nan, pa egzanp pwojè kabrit nan òganizasyon OFJ, pwojè chari nan OPBK, pwojè mouton nan TK Bedo, pwojè moulen nan OBS.

Tout 13 òganizasyon yo jere pwojè ijans lan trè byen. Yo chak fòme yon komite jesyon 3 manm pou egzekite pwojè pa yo, epi tou yon komite swivi 3 manm pou kontwole ak sipèvize aktivite yo.

Jounen jodi a, tout jaden fè rekòt deja. Manm 6 òganizasyon déjà fè 2 rekòt (pwa, mayi, kalalou, elatriye) : TKL Romero, KPM, MFM, ODRO, TK Bedo, OFJ. Yon òganizasyon, OPBK, fè 3 rekòt. 6 lòt òganizasyon yo fè yon rekòt : UPLADEX, AFGDL, ADZK, OBS, GWOFAMIL, MPL. Sa vle di fanmiy manm òganizasyon yo jwenn manje nan jaden yo. Yo pa nan grangou tankou ekspè yo te prevwa sa.

Tablo sa prezante kantite travay ki fèt nan pwojè ijans la :

OGANIZASYON	FON IJANS DISTRIBIYE (GOUD)	BENEFISYÈ			AKTIVITE REYALIZE	SIPÈFISI KILTIVE (KAWO)
		TOTAL	Gason	Fanm		
TKL ROMERO	153,000.00	51	20	31	51 jaden endividylè	9.11/16
KPM	240,000.00	80	45	35	80 jaden endividylè	23.00
UPLADEX	144,000.00	43	27	16	43 jaden endividylè	28.8/16
ODRO	150,000.00	50	22	28	50 jaden endividylè	30.8/16
OFJ	223,750.00	50		50	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 50 jaden endividylè</li> <li>• 9 jaden fourajè</li> <li>• 10 fèmèl kabrit</li> <li>• 5 pak kabrit</li> </ul>	30
MFM	201,000.00	70	23	47	70 jaden endividylè	23.10/16
TK BEDO	209,550.00	45	20	25	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 45 jaden endividylè</li> <li>• 3 pak mouton etbli</li> </ul>	8.8/16
AFGDL	126,000.00	42	3	39	42 jaden endividylè	12
OPBK	202,000.00	54	41	13	<ul style="list-style-type: none"> <li>• 54 jaden endividylè</li> </ul>	10

**Tablo No. 1 : Pèfomans pwojè a**

Tablo sa bay yon lide sou sitiyasyon aktyèl pwojè ijans la sou teren :

Organizasyon	Komin ak lokalite	Sityasyon aktyèl jaden yo (1e rekòt, 2e rekòt)
TKL Romero	Tòbèk/ Masye  Plèn wouze (75%) ak tè sèch	1e rekòt: fen Mas (pwa nwa, mayi)  2e rekòt nan tout tè wouze yo (pwa souch, pistach, mayi, legim,)  1e rekòt fini pwa, mayi)  Lòt kilti yo toujou nan tè (patat, pwa kongo, pwa souch, tayo)
KPM	Kavayon/ Me  Mòn sèch	-1 <sup>e</sup> rekòt pwa rachak (75% moun) 2000 mamit plante 6,000 mamit rekòlte  2 <sup>e</sup> rekòt pwa
UPLADEP	Okay/Piko  Plèn sèch men gen kek plantè ki travay tè wouze nan lòt kominote	-1 <sup>e</sup> rekòt (mayi, pwa nwa, pistach)
ODRO	Manich/Robè 2e seksyon  Plèn wouze (40%) ak tè sèch	1 <sup>e</sup> rekòt (Fevriye-Mas) ; pwa e mayi  2 <sup>e</sup> Rekòt (pwa, mayi)
OFJ	Chantal/Jabwen  Plèn sèch ak mòn	-2 <sup>e</sup> rekòt pwa nwa  -mayi 1 <sup>e</sup> rekòt  -5 kabrit mètba
MFM	Okay/Majò  Plèn wouze (90%) ak tè sèch	2e rekòt  -Rezev semans mayi ak pistach pou 3e sezon
TK Bedo	Kavayon/Bedo  Plèn sèch	-1 <sup>e</sup> rekòt : Mas-Avril  -2 <sup>e</sup> plantasyon
AFGDL	Senjan/Leòs  Mòn sèch ak vale	-1 <sup>e</sup> rekòt (mayi, pwa)
OPBK	Kavayon/Bèsi-Klona  Plèn irige, Tèwouze (100%)	3e rekòt nan preparasyon  1e rekòt janvye (pwa nwa, mayi)

		2e rekòt Fevriye (tomat, berejèn, piman)
ADZK	Okay/Kasis Mòn sèch ak tè makay 2% (Vale ak mòn)	-1 <sup>e</sup> rekòt (mayi)  Rekòt nan wout
OBS	Tobèk/Bwalandri  Plèn sèch	-1e rekòt (diri)  -pwojè moulen an gen pan motè  -FL ap ranplase motè a. Moun yo peye byen.  -Bon patnè
Gwofamil	Tòbèk/Bèlvi-bewo  Plèn sèch	1 <sup>e</sup> rekòt (mayi, kalalou, pistach, pwa souch)  Pwa kongo pokon bon
MPL.	Tòbèk/Lafrezilyè  Plèn sèch	1 <sup>e</sup> rekòt pwa e pistach  Mayi yo ap mi

Tablo No.2 : Sitiyasyon aktyèl pwojè a

### Swivi pwojè a sou teren

Monitè Rejyonal Sid la ansanm avèk òganizasyon benefisyè yo te asire swivi pwojè a sou teren. Biwo Fon Lanbi nan Pòtoprens kenbe kontak ak Monitè a ki voye rapò ki soti nan òganizasyon yo, ansanm ak rapò Monitè a prepare li menm. Evalyatè yo te li 11 rapò avansman ki soti nan 11 òganizasyon yo avèk kèk lòt rapò swivi. Kèk òganizasyon te fè plis pase 3 rapò yo chak. Anpil echanj enfòmasyon te fèt avèk biwo a pandan tout dire pwojè a. Anpil lèt remèsiman te soti nan òganizasyon yo. Paegzanp, evalyatè yo te gen plezi li rapò finansye ki soti nan OFJ. Nou te analize tou lis benefisyè ak kantite kòb ki distribye nan mitan manm òganizasyon yo. Nou te konpare dokiman sa yo ak dokiman ki nan biwo Fon Lanbi a. Tout bagay te korèk. Enfòmasyon yo pa t depaman.

- OFJ, ODRO, MFM, ADZK, UPLADEP, OPBK, KPM, TK Bedo, TKL ROMERO, MPL, GWOFAMIL, te mete kanpe yon komite jesyon 3 manm pou asire distribisyon kòb yo. Yo te mete kanpe tou yon komite swivi 3 manm pou sipèvize aktivite yo nan chak zòn yo. AFGDL fè menm komite sa tou, men li repati jaden yo an 3 lo ki te genyen yo chak 14 jaden pou facilite sipèvizyon an. Chak manm nan komite a responsab kontwòle yon lo 14 jaden. Anjeneral komite swivi yo nan chak òganizasyon te reyalize poupipiti 8 vizit jaden yo pandan 4 mwa, soti nan janve rive nan fen me.
- Monitè Rejyonal la te òganize swivi pwojè nan 2 nivo. Dabò il te pwofite vizit pwoje nòmal yo pou kontwole evolisyon pwoje ijans la. Answit, jan sa te prevwa, li aplike yon sistèm swivi kolektif pou pwojè 13 òganizasyon yo ki nan pwojè ijans la. Li regwoupe yo pa komin:. Konsa te genyen 3 regwoupman :

- a) Kavayon (3 Organizasyon) epi yon reyinyon chak mwa ; b) Manich/Okay (4 Organizasyon) epi yon reyinyon chak mwa ; c) Sen Jan di Sid/Chantal/Tòbèk (6 òganizasyon) epi yon reyinon chak mwa. Reyinyon yo te santralize nan zòn yon òganizasyon epi yo fè rotasyon chak mwa. Konsa te genyen 15-20 vizit swivi entèzòn.
- Ekip Fon Lanbi Pòtoprens la ak Ekip Fon Lanbi Etazini an te reyalize yon vizit swivi ak evalyasyon nan pwojè ijans la nan dat 25 Fevriye 2013. Te gen anpil echanj enfòmasyon sou tout aktivite yo. Anpil sijè te debat. Anpil kesyon te poze. Se te yon bel egzèsis « troke lide ».
  - OPBK, KPM, TK Bedo, MFM, ADZK, UPLADEP, OFJ ODRO e AFGDL te chita e Monitè Rejyonal la epi yo te batí ansanm yon kalandriye travay sou zafè swivi pwojè a. Chak mwa òganizasyon yo te reyalize yon reyinyon avèk Monitè nan yon komin lakay yon òganizasyon. Vizitè yo peye transpò yo. Òganizasyon kap resevwa a bay manje.

## CHAPIT 2 : ANALIZ ESTRATEJI PWOJÈ A

### a) Peryòd demaraj pwojè a

Pwojè te rive distribye pwemye kòb yo nan fen mwa Desanm 2012. Aktivite yo te lanse nan menm peryòd la. Peryòd pwojè a demare te bon pou òganizasyon ki te nan sezon plantasyon nan diferant zòn yo : OBS, TKL ROMERO, MPL, GWOFAMIL, AFGDL, ODRO, MFM, ADZK, UPLADEP, OPBK, TK Bedo. Sepandan pwojè a te vini yon ti kras apre sezon plantasyon pou KPM, epi yon ti kras avan sezon plantasyon nan zone travay. OFJ kote moun yo fè plantasyon nan mwa Fevriye.

Tablo sa prezante peryòd plantasyon ak peryòd rekòt nan chak zòn yo, ni nan tè wouze, ni nan tè sèch. :

Organizasyon	Komin	Zòn agwoekolojik	Kalandriye agrikòl (mwa) zòn yo											
			J	F	M	A	M	J	J	O	S	O	N	D
OBS, TKL Romero, MPL, GWOFAMIL	Tòbèk	Zòn sèch	P	P	P		R	R	R					
		Tè wouze	P R	P R	P R	R	R	R			P	P	P	P R
OFJ	Chantal	Tè sèch		P		R								
AFGDL	Senjandisid	Tè sèch	P R	P	P	P	P	R	R	R	P	P	P	P R
ODRO	Manich	Tè wouze	P R	P R	P R	R	R	R					P	P
		Tè sèch	P R	P R	P R	P R	P R	P R	P R	P R	P R	P R	P	P R
MFM, ADZK, UPLADEP	Okay	Tè sèch		P				R		P			P	R P
		Tè wouze	P R			R	R	P				R	P	
OPBK, TK Bedo, KPM	Kavayon	Tè sèch	P	P	P	P	R	R	P	P				
							R							

		Tè wouze	P R	P R	P R	R								P	F
--	--	----------	--------	--------	--------	---	--	--	--	--	--	--	--	---	---

Tablo No. 3: Kalandriye agrikòl zòn yo

N.B: Lejann tablo a: P=Plantasyon; R=Rekòt. Liy woz=Mwa siklòn nan te rive a.

Siklòn nan te rive nan mwa Oktòb 2012. Pwojè a te rive lanse nan mwa Desanm 2012, anviwon 2 mwa apre pasaj siklòn nan. Si li te lanse pi bonè li tap pi bon sitou pou moun ki travay tè wouze yo. Kòm kèk moun tè wouze yo itilize 3000 goud la pou achte pwodwi (angrè, pestisid) epi fè antretyen jaden yo (saklaj), nou kapab di pwojè a pran yon ti woulib sou moun sa yo ki pèmèt li diminye nan reta li ta genyen. Konsa nou kapab di pwojè kòmanse pwodwi manje anviwon 3 mwa edmi apre siklòn nan nan zòn tè wouze yo. Moun ki nan tè sèk yo, rekòt manje kòmanse 5-6 mwa apre siklòn nan.

**b) Maryaj ant lajan òganizasyon yo resevwa ak objektif yo te fikse:**

- Gen 7 òganizasyon sou 13 (sa vle di 53.84%) ki rekonèt montan lajan yo te resevwa a te pèmèt yo atenn objektif yo te fikse yo parapò avèk pwoblèm yo te vle rezoud, apre pasaj siklòn Sandy a. OBS, TKL ROMERO, MPL, GWOFAMIL, OFJ, AFGDL, ODRO.
- Gen 3 lòt òganizasyon (23.07%) ki panse kòb sa te pèmèt yo atenn objektif yo a 50%. MFM, ADZK, UPLADEP.
- Finalman 3 dènye òganizasyon yo (23.07%) rekonèt kantite kòb la pa t pèmèt yo rive atenn objektif yo te fikse tèt yo, paske kòb la te twò piti. OPBK, TK Bedo, KPM.

Zòn sèch yo te pi soufri. Plantè yo achte kèk bagay 2 fwa tankou semans pwa ak mayi. Yo te pèdi akoz sechrès la. Moun yo te rekòmanse jaden kanmenm mem si lajan an te piti.

Entèvansyon ijans yo dwe fèt pi rapid. Aktivite reyabilitasyon jaden apre yon katastwòf natirèl sipoze fèt selon kalandriye agrikòl zòn yo. Men fòk FL genyen yon fon ijans pèmanan pandan tout peryòd siklonik la ki soti nan mwa Jen pou bout nan mwa Novanm.

Kòm konklizyon, tout òganizasyon te rekonèt anvlòp lajan yo te resevwa a pa t sifi pou te reyalize tou sa yo te vle fè. Sepandan yo tout te byen apresye jès la malgre limit li. « Sa pòv genyen se sa li bay pitit li » epi « Se jès la ki konte » se 2 pwovèb ayisyen bay anpil enpòtans. Plantè yo tou, yo rekonèt bourad la te piti, sitou se pa t yon

bourad lib. Objektif bourad la te byen defini : remanbre pwojè yo epi rekòmanse fè jaden. Sepandan yo tout rekonèt enpòtans li paske li te ede yo relanse aktivite agrikòl yo, nan yon moman kote yo pa t genyen lòt espwa. «Pito w wè twoub tan w pa wè ditou » epi « Degoute miyò pase pa pise », se 2 lòt pwovèb ayisyen renmen repete.

**c) Repatisyon lajan an ant manm òganizasyon yo**

Distribisyon lajan nan mitan manm òganizasyon yo te byen fèt, jan sa te prevwa nan dokiman pwojè a, daprè sa responsab òganizasyon yo di, epi daprè sa rapò Monitè Rejyonal Sid la siyale. 11 òganizasyon sou 13 (84.61%) distribye lajan yo resevwa a jan sa te prevwa. Chak manm òganizasyon sa yo resevwa 3000 goud pou refè jaden yo. Yon sèl òganizasyon te modifye estrateji a yon tikras. Se MFM ki te bay 3000 goud ak 64 manm epi 1500 goud ak 6 lòt manm pou te rive satisfè plis moun. Konsa òganizasyon an te rive sèvi 70 benefisyè alòske pwojè a te prevwa 67 benefisyè. OBS tou te bay chak manm yo 3,348.00 goud olye 3000 goud, men sa te fèt apre antant avèk Fon Lanbi.

Anjeneral, tout bagay te pase nan transparans. Fon Lanbi resevwa yon lis moun ak siyati yo epi kantite kòb yo chak te resevwa. Monitè Rejyonal la admèt li te fè tout kontwòl yo sou teren pandan l ap fè swivi aktivite yo.

**d) Itilizasyon lajan an nan mitan manm yo**

100% manm òganizasyon yo ki te resevwa lajan te itilize l pou fè aktivite ki te prevwa, jan sa te planifye nan dokiman pwojè a. Yo tout achte semans, peye sèvis chari pou labouraj tè yo. Konsa yo te refè jaden yo. Plantè ki te deja plante pwa nwa te achte pwodwi tankou angrè ak lòt entran pou jaden yo. Yo itilize rès kòb la pou saklaj ak lòt aktivite antretyen jaden yo.

Yon sèl manm nan òganizasyon MFM te prete lajan li te resevwa a pou peye lekòl yon pitit li yo te retounen pou dèt. 15 jou apre, li te ranplase lajan sa avèk yon kòb transfè fanmiy li ki Ozetazini te voye pou li.

Fanmiy yo te bezwen genyen manje vit pou grangou pa touye yo. Yo itilize plant ki pwodwi vit tankou : zepina (1mwa edmi), kalalou (2 mwa), piman (3 mwa), mayi (3 mwa), pwa (3 mwa), patat 3 mwa, pistach 3 mwa, elatriye.

**e) Remanbreman pwojè yo.**

Tout pwojè òganizasyon yo t ap egzekite te rive reprann kous nòmal yo. Yo te kontinye ap bay sèvis menm jan sa te ye avan siklòn nan. Pwosesis rekaptalizasyon manm yo te pèmèt yo respekte angajman yo te genyen nan pwojè yo tankou :

- Peye kredi plantè yo. Nou jwenn genyen plis depo ki fèt nan kanè manm yo.
- Peye sèvis labouraj tè yo. Chari yo pat genyen dèyè pou yo chita.
- Peye kredi nan pwojè moulen yo. Ti machann yo kontinye pote gress nan moulen yo epi yo peye dèt yo.
- Moulen yo kontinye jwenn gress .

Tout pwojè yo te rekòmanse mache byen 4-5 mwa apre siklòn nan. Nan sans sa, nou kapab di pwojè ijans la te yon siksè. Sepandan, pami 13 òganizasyon yo te genyen 4 òganizasyon ki te resevwa 2 kalite lajan. Yonn pou manm yo refè jaden yo. Lòt la pou remanbre 4 pwojè regilye ki te resevwa pi gwo pataswèl lè siklòn sandy te frape zòn yo :

- OBS te mete kanpe yon komite jesyon 3 manm pou jere kredi timachann yo apa. 21 timachann te rive jwenn kredi pou achte gress tankou mayi e pitimi pou moulen yo. Tout bagay te pase trè byen.
- OFJ te kreye tou yon komite swivi apa pou jere pwojè elevaj kabrit la. Organizasyon an te achte 10 femèl kabrit, konstwi 5 pak, epi mete kanpe 9 jaden zèb.
- OPBK te mete kanpe yon komite pou jere lajan pou fè 4 jaden zèb pou bèf chari yo.
- TK Bedo te fè menm bagay la tou pou koutmen yo te resevwa pou refè pe pwojè mouton yo tap jere a. Yo te konstwi 4 pak pou mouton yo.

Òganizasyon yo te byen itilize lajan sa yo. Yo depanse kòb yo epi yo prezante pwofòma, resi ak rapò itilizasyon. Pa gen konfizyon nan jesyon lajan sa yo. Te genyen kritè OBS te defini pou chwazi timachann yo pa egzant. Nou te konstate rapò finansye, epi pyès jistifikatif pou pwojè yo : OBS pou Kredi timachann yo ; OFJ/TK BEDO pou kabrit ak pak kabrit/mouton; OPBK pou jaden zèb pou bèf chari. Pak TK Bedo yo fèt ak tòl. OPBK: anfème yon teren pou yon gwo jaden zèb olye 5 jaden izole.

## **CHAPIT 3 : ANALIZ OBJEKTIF PWOJÈ A**

Objektif jeneral pwojè a se pèmèt òganizasyon yo remete kanpe pwojè regilye yo ki te resevwa gwo pataswèl pandan siklòn nan. Objektif espesifik pwojè a se rekapitalize manm òganizasyon yo pou pèmèt yo respekte angajman yo genyen anvè pwojè yo.

**a) Men kèk siy ki montre pwojè yo te remanbre:**

- Tout pwojè yo retounen bay sèvis menm jan sa te konn fèt avan siklòn nan
- Pwojè moulen yo rekòmanse jwenn gress pou yo fonksyone. Timachann OBS yo kontinye komès achte gress pou moulen yo
- Pwojè kredi plantè yo ap mache. Ranbousman yo ap avanse.
- Pwojè chari yo fè anpil kòb
- Pwojè elvaj kabrit ak mouton yo ap mache. Kabrit ap fè ptit. Tout pak kabrit ak mouton yo rekonstwi. Jaden zèb yo replante.

**b) Men kèk siy ki montre manm òganizasyon yo te rekapitalize:**

- Chak manm benefisyè gen yon jaden ki kanpe (5/16-8/16 kawo tè). Manm òganizasyon yo pa grangou jan yo te prevwa sa lè siklòn nan te fin pase.
- Manm òganizasyon yo vin gen tikòb nan men yo (OBS, TKL ROMERO, MPL, GWOFAMIL). Manm yo rive peye kredi yo pi byen. Yo fè plis depo nan kanè yo epi gen plis komès (AFGDL, OPBK, TK Bedo, KPM)
- Manm yo vin pi regiliye nan reyinyon òganizasyon yo. Yo preznan nan tout reyinyon. Yo vin pi aktif lè yo nan rankont yo. Yo vin gen plis angouman pou patisipe nan aktivite gwoup yo.

## **CHAPIT 4 : PWOBLÈM PWOJÈ IJANS LA TE RANKONTRE**

Anjeneral, pwojè ijans la te rive bay kèk bon rezulta. Se te yon gwo bourad pou manm òganizasyon yo. Nan anpil òganizasyon yo tout manm yo te benefisyé, fanm tankou gason. Sou 648 benefisyè pwojè a, 43.05% se gason epi 56.94% se fanm. Sepandan, te gen kèk difikilte ki te rive pandan pwojè a tap egzekite. Nou jwenn pwoblèm sa yo nan 3 nivo : nivo òganizasyonèl, nivo egzekisyon pwojè a, nivo estrateji pwojè a. Pati rapò sa ap prezante pwoblèm sa yo.

### **a) Nivo òganizasyonèl**

Kèk manm nan kèk òganizasyon pa t rive patisipe nan bourad la paske òganizasyon sa yo genyen anpil manm (OFJ: 157 manm, KPM: 665 manm). Te genyen anpil wounouwounou, anpil bougonnen, anpil akizasyon sou fason yo te chwazi kèk benefisyè, malgre te genyen kritè ki te defini pou chwazi benefisyè yo (manm regilye, manm ki te plis viktим).

### **b) Nivo egzekisyon pwojè a**

- OFJ pa t nan prentan pou yo plante lè pwojè a te komanse a.
- Mank lapli te anpeche plantè yo rive plante alè nan tout zòn sèch yo. Te gen 2-3 mwa san lapli. Anpil plantè te rive plante avèk reta. Gen kèk kote, plantè yo depanse pou fè menm 3 operasyon labouraj avan yo gen chans plante. Sepandan pwojè a te rantab anpil pou chari yo. Chari yo fè dekabès nan zòn sèch yo.
- Menm pwoblèm sechrès la lakòz kèk jaden pa bay bon rezulta plantè yo tap tann nan (AFGDL)
- Te manke disponibilite semans nan zòn yo. Pri pwa te ogmante: 350-450 goud chak mamit. Pri mamit mayi a te 50-75-150 goud. Grenn sa yo te soti Baradè, Jeremi e Leòt. Kalite grenn yo pa t toujou bon. Plantè yo te itilize sistèm twòk la pafwa. Echanj semans plèn ak semans mòn ant plantè. Tout moun t ap debwouye yo kon mèt janjak pou yo te demele pye yo. Pit la te mare. Anpil antresoti.  
Jwenn bon semans pat fasil pou OBS, TKL Romero, MPL e GWOFAMIL. OFJ te gen anpil pwoblèm pou yo te jwenn semans tou. UPLADEP, ADZK, MFM te jwenn semans ak anpil difikilte, epi yo te trè chè sou mache a. Sa te konplike sitiyasyon an. ODRO te oblige mete kòl deyò pou jwenn semans lòt kote.
- Demand sèvis pou chari yo te wo anpil. Tout moun bezwen sèvis labouraj. Tè yo vin rèd ak tè rapó apre siklòn nan, akòz dlo ak sediman ki chita sou yo. Chari yo pa kapab travay ak menm vitès la ankò nan kondisyon sa yo. Plantè yo anraje. Moun ap fè magwouy pou pran plas lòt moun ki te déjà fè demand avan. Pwoblèm. Pwoblèm

- Vèmin te atake kèk jaden nan zòn Robè (ODRO). Maladi Mozayik te atake jaden pwa yo nan zòn Me (Kavayon)
- Te genyen ratman manje bêt nan zòn OPBK, TK Bedo.

**c) Nivo estrateji pwojè a**

Nan kèk òganizasyon lajan pa t sifi pou te sèvi tout moun. Pa egzanp, KPM genyen plis pase 600 manm epi li te resevwa lajan pou 80 benefisyè. Komite jesyon pwojè a te pwopoze pou benefisyè yo fè « jaden fanmiy ». Konsa te gen 80 jaden fanmiy ki te fèt. Menm pwoblèm nan te rive nan ODRO ak OFJ. Nan ODRO, responsab yo te chwazi sòlda ki te toujou prezan nan aktivite òganizasyon an. Sa te pèmèt manm rekalsitran yo konprann nesesite pou yo fè plis efò pou patisipe nan travay ak reyinyon òganizasyon an. Nan OFJ, malgre kantite kòb yo te resevwa pa t egal a kantite manm yo genyen, yo te òganize yo pou tout bagay te byen pase antre yo

Anplis pwoblèm nou sot mansyone la a, fòk nou siyale kèk difikilte ki te prezante depi nan peryòd konsepsyon pwojè a. Pami difikilte sa yo nou kapab site :

- Difikilte pou Fon Lanbi te rive konsevwa yon pwogram ki koresponn a dega katastwòf la, pandan plizyè òganizasyon ap prezante yon bann bezwen ki diferan yonn e lòt.
- Fon Lanbi te rankontre difikilte pou jwenn kantite kòb yo te bezwen pou Latibonit e Nòdwès, paske nan menm peryòd la peyi Etazini te frape tou pa siklòn Sandy. Patnè Fon Lanbi nan peyi Etazini yo te retisan pou bay kòb.

## **CHAPIT 5 : PWEN FÒ AK PWEN FÈB PWOJÈ IJANS LA**

### **a) Pwen fò**

- Apresyasyon benefisyè yo manifeste pou pwogram nan malgre limit li
- Patisipation epi motivasyon moun yo
- Transparans nan jesyon pwojè a
- Pètinans èd la nan moman moun yo te jwenn li a
- Fon Lanbi eksperimente yon pwogram ijans kap ranfòse I pou lòt pwogram
- Rezulta diskisyon ant ekip Fon Lanbi Ayiti ak Etazini sou yon dinamik travay ki akouche yon konsepsyon epi yon estrateji adapte
- Pwojè a touche tout manm nan kèk òganizasyon
- Pwojè a vini nan moman nou te bezwen I nan (AFGDL, MFM, ADZK, UPLADEP)
- Pwojè a pa fè diferans ant òganizasyon fanm ak lòt òganizasyon miks yo : Egzanp Gwofamil ak OFJ genyen 100% fanm
- Nan jaden yo, plantè yo asosye tout kalite plant. Kèk kilti ki gen sik vejetatif pi long rete nan jaden yo. Yo disponib pou kontinye bay manje.
- Malgre sa pa t prevwa nan pwojè ijans la, nou idantifye kèk siy ki montre possiblite pou dirabilite pwojè a tankou rezèv semans pou lòt sezon

Anplis pwen fò sa yo, pwojè a te benefisyе eksperians ak ekspètiz Fon Lanbi devlope deja nan jesyon lòt pwogram ijans tankou:

- Pwojè ijans apre siklòn Jann avèk Oxfam/Intermon nan lane 2004
- Pwogram Ijans apre trablemandtè 12 janvye 2010 ki te mobilize yon milyon dola meriken

### **b) Pwen fèb:**

- Anvlòp lajan ijans la te twò piti (OBS, TKL ROMERO, MPL, GWOFAMIL)
- Pwojè ijans la te gen ti reta pou kèk zòn . Li te dwe kòmanse pi bonè,
- Pwojè a kreye fristrasyon bò kote lòt manm nan òganizasyon ki pat resevwa bourad la. .

## **CHAPIT 6: REZILTA PWOJÈ IJANS LA**

### **a) Rezulta Jeneral.**

Pwojè a rive bay anpil rezulta lè nou konsidere nivo bourad Fon Lanbi te jwenn pou finanse pwojè a. Lajan an te piti, ni pou organizasyon yo, ni pou manm yo. Fon Lanbi pa t kapab konsidere tout moun ki nan òganizasyon yo. Sepandan, pwojè ijans la pèmèt lòt pwojè yo remanbre nan òganizasyon yo epi fanmiy yo relanse jaden yo. Pwojè a rive bay kèk rezulta ki konsène tout òganizasyon yo. Nou rele yo rezulta Jeneral. Men rezulta sa yo:

- Tout pwojè ki te resevwa pataswèl yo rekòmanse bay sèvis nòmalman. .
- -100% manm ki te resevwa bourad nan pwojè a te rekòmanse travay jaden yo
- -100% manm òganizasyon yo konstate yon ogmantasyon disponiblite pwodwi alimantè nan fanmiy yo 3 mwa apre lansman pwojè a nan zòn wouze yo epi 5-6 mwa nan zòn tè sèch yo.
- -Nan zòn tè wouze yo, manm òganizasyon ki resevwa 3000 goud la rive jwenn revni ki monte anviwon 15,000 goud san konte pwodwi alimantè pou fanmiy nan
- -Nan zòn tè sèch yo, revni an te rive apeprè nan 10,000 goud.
- -100% benefisyè yo fè rezèv semans pou pwochèn plantasyon
- -100% òganizasyon ki ap jere pwojè chari rekonèt pwojè sa yo vin fè plis lajan. Revni yo tout ogmante.
- -Nan 10 òganizasyon ki t ap jere « kredi plantè » yo, pwosesis ranbousman ki te ralanti vin rekòmanse. Anviwon, 70-80% manm yo déjà ranbouse. Kès òganizasyon yo vin agrandi akòz manm yo fè plis depo
- Òganizasyon yo vin gen plis eksperyans nan jesyon pwojè ijans, nan pataje enfòmasyon nan rankont komin yo
- Lavi rekòmanse nan òganizasyon yo. Renome yo ogmante nan zòn yo

### **b) Rezulta espesifik.**

Anplis rezulta Jeneral yo, evalyatè yo rive jwenn plizyè lòt rezulta ki konsène kèk òganizasyon an patikiliye. Nou rele yo rezulta espesifik. Men rezulta espesifik yo:

- -Lòt moun ki pa manm òghanizasyon jwenn semans mayi, pistacha ak pwa achte nan zòn travay MFM
- -Nan MFM pwojè a reyisi a 97%.
- Apre evalyasyon aktivite yo nan MFM, òganizasyon an te voye kèk echantyon rekòt yo nan biwo Fon Lanbi : pistach griye, mayi vèt, pwa nwa, mayi moulen. Te gen anpil kontantman pou rezulta pwojè a.
- -Kèk moun peye ti rès dèt lekòl timoun yo. Pa egzanp, 32 manm TK Bedo rive peye ti dèt yo te genyen nan lekòl timoun yo. Se jaden diri mayi ki te pèmèt yo fè sa.
- -Kabrit yo jwenn plis manje nan zòn òganizasyon OFJ. Genyen plis patiraj pou bêt yo
- -Manm OFJ yo rive vann bon kantite pwodwi nan mache yo
- -Genyen disponibilte mayi ak pitimi pou pwojè moulen ODRO a

- -Nan jaden pwa nwa manm KPM yo, randman mwayen yo soti nan 2 mamit rive nan 4-5 mamit .
- -Randman eleve pou mayi e piman nan OPBK
- -Ti machann yo kontinye aktivite komès yon nan OBS
- -Randman pwa ak pistach ogmante nan MPL
- -Vin genyen plis pwodwi nan mache nan zòn travay AFGDL (Sen Jan di Sid)
- Genyen kèk òganizasyon tankou OFJ ki pat janm benefisyé pwojè kredi plantè yo. Òganizasyon sa yo vin jwenn opòtinite pwojè sa ofri..

**c) Rezulta parapò ak atant manm òganizasyon yo**

Manm òganizasyon yo te genyen kèk atant apre siklòn nan te frape yo. Yo te genyen kèk enkyetid. Anpil nan yo te panse yo pa t ap kapab reprann aktivite jaden yo rapidman. Gen lòt ki te kwè anpil pwojè ansyen yo ta pral kanpe pou lontan. Sepandan, apre sa, anpil lèt remèsiman ta pral soti nan òganizasyon yo pou ale nan biwo santral Fon Lanbi. Lèt sa yo sèvi kòm prèv satisfaksyon moun yo. Kidonk, anpil nan atant yo te satisfè, sitou nan domèn disponiblite manje nan fanmiy yo, rezèv semans ak peye dèt lekòl yo.

## **KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON**

Pwojè ijans depatman sid la se te yon bon egzant kolaborasyon ant Fon Lanbi ak òganizasyon yo. Pwojè sa reprezante yon mòd patenarya ki fèt nan respè yonn pou lòt, nan mobilize kapasite yonn eak lòt, nan enplikasyon tout aktè yo, nan transparans total. Moun nan zòn yo satisfè pou rezulta yo jwenn. Menm si gen kèk ti bagay ki merite korije, nou kapab di angwo se yon reyisit.

Men kèk rekòmandasyon ki soti nan evalyasyon an epi ki kapab oryante Fon Lanbi ak òganizasyon yo nan lòt pwojè ijans yo :

**Rekomandasyon No.1.-** Nan kad « Plan Estratejik 2013-2017 Fon Lanbi » a ki te fèt nan lane 2012 la, genyen yon novo sektè entèvansyon ki te kreye epi ki rele « Anviwònman ak Jesyon Katastwòf Natirèl ». Nan estrateji ka pral devlope pou rann sektè a operasyonèl, Fon Lanbi dwe genyen yon fon ijans espesyal ki dwe toujou disponib pou lè gen pwobèm katastwòf natirèl. Men kèk sijesyon ki soti nan diskisyon avèk estaf biwo Lanbi a nan Pòtoprens :

**a) Kreyason pazapa yon Fon Ijans Pèmanan nan Fon Lanbi pou kore aktivite  
Sektè Jesyon Katastwòf Natirèl la.**

Pou sa kapab fèt, Fon Lanbi dwe ranfòse anvlòp anyèl 20,000.00 dola ki te vote a pou aktivite ijans yo depi anviwon 2 lane. Pa egzant anvlòp sa kapab rive nan 100,000.00 dola annatandan. Pitipiti fon sa va ogmante pou pèmèt Biwo Ayiti a genyen resous pou fè entèvansyon avèk rapidite lè genyen katastwòf natirèl majè ki frape zòn travay yo.

**b) Devlòpman yon estrateji pou alimante fon ijans la**

Fon Lanbi dwe reflechi sou yon strateji ki kapab pèmèt li jwenn kèk patnè finansye pou alimante fon ijans la. Toujou genyen kèk enstitisyon ki devlope sansiblite pou anviwònman e katastwòf natirèl. Fon Lanbi sipoze mete an plas yon pwogram sansibilizasyon pou apwoche epi konvenk patnè finansye sa yo.

**c) Fonlanbi dwe fikse pozisyon I nan ki « Faz » li vle travay nan sektè ijans la :  
ijans imedyat (2 pwemye mwa).**

Gen 3 prensipal etap nan jesyon yon katastwòf natirèl (Gade nan anèks rapò a):

- Prevansyon;
- Ijans imedyat;
- Reyabilitasyon sosyoekonomik

#### **d) Devlopman Patenarya ak kòdinasyon sou teren avèk Enstitisyon ki ap travay nan ijans.**

Fon Lanbi fèt pou l devlope patenarya avèk lòt enstitisyon k ap travay nan ijans sou teren an. Genyen enstitisyon kap travay nan plizyè nivo nan sektè ijans la : 1)nivo ijans imeda (distribisyon rad, kit pwodwi alimantè, kit iyyenik) ; 2) nivo reyabilitasyon sosyo ekonomik , rekonstriksyon; 3)Nivo prevansyon ak mitigasyon (FòMasyon, ranfòsman òganizasyonèl, komite pwoteksyon sivil).

##### **a) Ranfòse kapasite òganizasyon lokal yo nan jesyon katastwòf natirèl yo**

Li ta enpòtan pou Fon Lanbi pwofite espas « FòMasyon Rejyonal » li yo pou fè sansibilizasyon e fòMasyon sou prevansyon, mitigasyon e jesyon katastwòf natirèl yo pou lidè òganizasyon yo. Li ta enpòtan tou pou Fon Lanbi ta asiste òganizasyon yo nan mete an plas komite pwoteksyon sivil ki kapab resevwa fòMasyon apwopriye pou sa.

Finalman Fon Lanbi dwe kontribiye nan fòMasyon òganizasyon yo pou pèmèt yo pran tèt yo anchaj, epi pou yo kapab pran kèk desizyon ki enpòtan lè genyen yon katastwòf, tankou :

- Fè prevansyon nan evite konsti kote ki gen gwo menas ak danje ki pandye sou tèt yo.
- Respekte tout konsiy yo nan moman katastwòf
- Pataje enfòMasyon e lòt moun nan kominate a
- Pataje sa yo genyen e lòt moun tankou manje, dlo elatriye
- Devlope solidarite pou sove moun
- Konserve papye ki enpòtan

##### **b) Aktyalizasyon kèk enfòmasyon (bazdone) pou fasilite priz desizyon yo rapidman lè gen katastwòf.**

Fon Lanbi dwe travay avèk òganizasyon yo pou etyalize baz done sou teren ki enpòtan lè genyen katastwòf. Bazdone sa yo sipoze pèmèt nou idantifye :

- zòn malè pandye kote òganizasyon yo ap travay
- gwooup ki pi frajil andedan òganizasyon yo
- Lis biwo/koperativ kap prepare semans

Finalite pwemye rekòmandasyon sa se ranfòse efikasite sektè ijans Fon Lanbi a. Kidonk se pèmèt Fon Lanbi entèveni rapidman epi efikasman nan akonpayman l ap bay òganizasyon yo lè genyen yon katastwòf natirèl.

**Rekòmandasyon No.2.-** Eksperyans ki fèt nan tè wouze ak nan tè sèch nan kad Pwojè Ijans nan Sid la montre nesesite pou Fonlanbi divèrsifye entèvansyon

ijans yo, si pwojè ijans yo dwe pèmèt fanmiy yo pa tonbe nan grangou rapidman. Divèsifikasyon sa kapab konsidere tout aktivite ki pèmèt fanmiy yo pwodwi manje rapidman, ou byen ki pemèt fanmiy yo genyen lajan nan men yo pou achte manje. Paegzanp, idantifye aktivite ki fezab nan kominote yo epi ki kapab aji sou sekirite alimante fanmiy yo tankou .: elvaj, ti komès, kiraj kanal, konsèvasyon sol, koreksyon ravin, elatriye.

**Rekòmandasyon No. 3.**-Fon Lanbi e òganizasyon yo dwe prepare “kat vilnerablite” pou zòn travay yo. Sa kapab pèmèt yo fè prevansyon pi byen. Prevansyon sa kapab fet nan fòmasyon ak egzekisyon lòt pwojè ki ogmante kapasite rezistans kominote yo.

**Rekòmandasyon No.4.**-Fon Lanbi ak òganizasyon yo dwe cheche kolaborasyon ak biwo pwoteksyon sivil depatmantal yo pou fòme kèk manm òganizasyon nan prevansyon ak jesyon risk ak dezas

**Rekòmandasyon No. 5.**-Òganizasyon ki nan aktivite estokaj, yo dwe devlope plis pwojè estokaj gress nan zòn yo. Konsa òganizasyon yo ap pi prepare pou fè fas ak semans ak manje lè gen siklòn

**Rekòmandasyon No. 6.**-Fonlanbi dwe soutni pwojè irigasyon nan zòn sèch yo ki pre larivyè. Sa kapab kontribiye nan siksè pwogram ijans yo, pou kominote yo rive pwodwi manje pi vit lè gen siklòn

**Rekòmandasyon no. 7.**-Ogmante anvlòp ijans la ki pral pèmèt plis moun kap patisipe.

**Rekòmandasyon No. 8.**-Fon Lanbi ak òganizasyon yo dwe mete tèt yo ansanm pou devlope pwojè konsèvasyon basenvèsan e pwojè rebwazman nan kominote ki gen anpil ewozyon yo. Sa kapab redwi vilnerablite zòn yo lè gen siklòn.

**Rekòmandasyon No. 9.**-Fòk òanizasyon kenbe kotizasyon nan mitan yo pou yo toujou genyen yon fonwoulman pou pèmèt yo kapab fè pwemye entèvansyon nan ijans yo

**Rekòmandasyon No. 10.**-Fòk òganizasyon yo ogmante to ranbousman kredi yo pou genyen plis disponiblite resous pou fè pwemye entèvansyon yo lè genyen siklòn.

**Rekòmandasyon No. 11.**-Kòm Fonlanbi poko genyen yon fon ijans ki pèmèt li fè entèvansyon rapid, evalyatè yo sigjere pou lanbi travay nan “faz reyabilitasyon sosyoekonomik” ijans yo annatandan. Sa vle di entèvansyon yo kapab kòmanse fèt soti nan 3 mwa rive 9 mwa apre yon siklòn fin pase. Sa va bay Lanbi anpil tan pou l chèche resous ki nesesè pou akonpaye òganizasyon yo nan aktivite reyabilitasyon yo.

**ANÈKS:****ANÈKS 1.-TEMWAYAJ ÒGANIZASYON YO**

<b>ÒGANIZASYON</b>	<b>TEMWAYAJ</b>
OBS	Nou te gen anpil pwoblèm pou nou jwenn mwayen pou nou plante apre siklòn Sandy. Ti machann yo pa t gen espwa pou yo te rekòmanse komès gress yo. Gras a pwojè sa, nou menm ti machann nou rejwi dèské Fon Lanbi te panse bay nou kredi sa, epi nou menm plantè nou remèsyé Lanbi pou jaden li ede nou fè. Nou travay plis tè.
GWOFAMIL	Nou te kontan epi nou remèsyé Fon Lanbi. Nou di Fon Lanbi se papa nou.
TKL ROMERO	Lanbi se yon gwo potomitan. Apre Lanbi nou pa gen moun k ap Panse pou nou. Nou remèsyé tout estaf la.
MPL	Nou remèsyé tout manm Responsab Fon Lanbi paske yo panse pou noun nan moman difisil yo
OFJ	Nou fyè nan zòn nan. Mèsi Bondye dabò. Mèsi pou kolaborasyon Fon Lanbi ak ankadreman li bay nou. Mèsi pou bon monitè Lanbi te ban nou. Gras a pwojè a gen manje epi patiraj nan zòn nan. Nou gentan distribye 71 ti kabrit bay benefisyè yo. Manm yo aprann kopere, Yonn ede lòt.
AFGDL	Nou deklare pwojè sa se te yon delivrans paske nou te dezespere nan afè fè jaden.  Nou deklare pwojè sa pèmèt nou rantre ti lajan pou regle aktivite pèsonèl nou.  Nou deklare pwojè sa pèmèt nou gen plis manje nan fanmiy nou
ODRO	Nou te santi, jou distribisyon an, gen yon lòt van k ap soufle pou nou. Nou te soti nan rankont sa ak yon reyèl kè kontan.  Nou konpare Lanbi ak yon bon gouvèneman, nou voye anpli flè pou Lanbi ak patnè li yo
UPLADEP	Fon Lanbi se sèl enstitisyon ki konprann mizè òganizasyon yo ap rankontre. Li mete fon disponib pou òganizasyon yo.
ADZK	Nou byen kontan e pwogram sa yo. Lanbi dwe kontinye e travay sa.
MFM	Moman Lanbi te soutni òganizasyon yo te vrèman byen. Nou mande pou Bondye kontinye mache ak Lanbi pou bonjan travay l ap fè nan peyi a.  Nou priye pou Lanbi jwenn plis mwayen pou ede òganizasyon yo, paske se li ki prezidan nou.
OPBK	Se sèl Lanbi ki toujou panse a nou. Leta pa janm sonje si nou egziste soutè a, sitou lè sikòn.

TK Bedo

Dapre sa Yves di, li te plante 3/16 kawo tè mayi. Se ladani li jwenn pou peye lekòl epi li jwenn manje. Li voye yon gwo kout chapo pou estaf Lanbi a.

## **ANÈKS 2: ETAP JENERAL NAN JESYON KATSATWÒF NATIRÈL**

Gen 3 prensipal etap nan jesyon yon katastwòf natirèl:

- a) Prevansyon;
- b) Ijans imedyat;
- c) Reyabilitasyon sosyoekonomik

### **.PREVANSYON: (Travay san rete. Li pa gen yon dire fiks)**

Nan etap prevansyon an se prepare popilasyon an, fanmiy yo, ak kominote yo pou yo pran bon jan mezi ki kapab ede yo pwoteje tèt yo sizoka genyen yon katastwòf natirèl ki rive:

Men kèk bagay ki dwe fèt:

- Gaye enfòmasyon sou katastwòf natirèl ki rive pi souvan nan peyi a, nan zòn yo. Tout moun konsène pa enfòmasyon sa yo;
- Fè fòmasyon pou jèn, lidè, òganizasyon kominote yo pou yo konnen kòman pou yo reyaji si yon katastwòf natirèl rive;
- Pwoteje anviwònman nou pou nou redwi risk yo: plante pye bwa, netwaye rivyè ak kanal, fè konstwiksyon ki respekte bonjan prensip;
- Veye kote n ap bati kay: evite bati kay nan ravin, twò pre rivyè, elatriye

### **Wòl kèk aktè nan etap prevansyon an:**

<b>Akté lokal yo (Lidè, òganizasyon lokal)</b>	<b>Leta (Direksyon pwoteksyon sivil, Delegasyon, Meri, Ministè Anviwònman)</b>	<b>ONG</b>
Fè demach pou jwenn pwojè prevansyon risk ak dezas pou kominote yo: koreksyon ravin, drenaj, repwofilaj larivyè, rebwazman, elatriye	Asiste kominote yo nan montaj ak fòmasyon komite pwoteksyon sivil nan kominote yo :  -Direksyon Pwoteksyon Sivil  -Meri yo  -Delegasyon yo	Fòmasyon
Fè demach pou fòme jèn yo nan domèn sovtaj moun ki an difikilte nan yon katstwòf (sekouris, pwemye swen,	Finanse oubyen egzekite pwojè pwoteksyon basen vèsan (Koreksyon ravin,	Finansman pwojè sou risk ak dezas

pote sekou, elatriye)	rebwazman, kiraj rivyè)	
Monte komite ak brigad pwoteksyon sivil nan zòn yo	Fè fòmasyon sou risk ak dezas souvan.	
Òganize jounen kominotè pou asenisman nan zòn yo	Fè kanpay piblisite sou enfòmasyon pou jere risk ak dezas.	

#### -IJANS IMEDYAT: (1-3 mwa apre katastwòf la)

Nan etap sa nou dwe anpeche plis moun kontinye viktim, kontinye mouri nan katastwòf la:

- Koute enfòmasyon ki soti bò kote otorite ki plase pou sa
- Evalyasyon rapid dega yo
- Evakyasyon, deplasman fanmiy ki an danje yo
- Bay transpò pou moun ki bezwen deplase yo
- Chèche Lòjman pwovizwa: abri pwovizwa
- Distribisyon Manje
- Distribisyon Dlo
- Distribisyon Rad
- Distribisyon swen santé

#### Wòl kèk aktè nan etap ijans lan

Akté lokal yo (Lidè, òganizasyon lokal)	Leta (Direksyon Pwoteksyon sivil, Meri. Delegasyon, Ministè yo)	ONG
-Fè ankèt epi bay enfòmasyon sou dega ki fèt nan zòn nan: kantite ak lis fanmiy ki viktim, tip ak kantite dega yo,	Kowòdone asistans ONG ak lòt aktè ap bay.	Pote kout men nan bay materyèl, manje, dlo, medikaman, rad elatriye.
Fè demach pou viktim yo: Patisipe nan cheche abri pwovizwa, nan evakyasyon fanmiy yo, nan chèche materyèl ki nesesè pou moun yo (manje, dlo, medikaman, rad, elatriye)	Asiste kominote yo nan idantifye abri pwovizwa, nan bay materyèl ak swen pou fanmiy yo.	
Mobilize komite ak brigad pwoteksyon		

sivil lokal yo avèk ti mwayen yo genyen.		
--	--	--

### **-REYABILITASYON SOSYOEKONOMIK : (3-9 mwa apre katastwòf la)**

Nan etap sa, nou dwe pèmèt fanmiy yo jwenn mwayen pou yo retounen viv tankou anvan katastwòf la. Nan etap sa tou, Leta dwe komanse konstriki ak repare tout enfrastrikti ki te andomaje oubyen ki te detwi nan katastwòf la. Lavi rekòmanse!

#### **Men kèk mezi ki dwe pran :**

- Akonpaye planté yo pou yo rekòmanse fè jaden ak elevaj bêt : distribisyon semans, zouti ak zanimo elevaj yo pou retounen nan aktivite agrikòl
- Mete travay pou pèmèt popilasyon jwenn lajan pou l fonksyone.
- Repare kay yo
- Akonpaye gwo ak ti antreprenè yo pou yo reprann biznis ki te detwi nan katastwòf la
- Reyabilitasyon enfrastrikti ki detwi yo : wout, mache, lekòl, kanal irigasyon

#### **Wòl kèk aktè nan etap reyabilitasyon an**

Akté lokal yo (Lidè, òganizasyon lokal)	Leta (Direksyon Pwoteksyon sivil, Meri. Delegasyon, Ministè yo)	ONG
Patisipe nan idantifikasyon ak montaj pwojè reyabilitasyon yo ,	Finanse pwojè reyabilitasyon yo	Patisipe nan finanse pwojè reyabilitasyon yo
Fè demach pou jwenn finansman	Chèche resous finansyè	
Patisipe nan fè swivi pwojè yo		